**दिन–गुरूवार** **दिनांक–20.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानमंडलक बजट सत्र मे आइयो दुनू सदनक कार्यवाही मे जमि कऽ हंगामा भेल। राजद, कांग्रेस आ सीपीआईक विधायक लोकनि विधानसभाक भीतर आ बाहर स्वास्थ्य विभाग मे खाली पड़ल पद के भरबाक आ पीडीएस दोकानदार के भेटयवला राशि मे वृद्धि करबाक मांग के लऽकऽ प्रदर्शन कयलनि। हंगामा आ हो–हल्लाक बीच प्रश्नकाल आ शून्यकालक कार्यवाही पूरा कयल गेल। विधान परिषद मे राज्य मे कानून व्यवस्थाक स्थिति पर चर्चा मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवीक मध्य नोक–झोक भेल। मुख्यमंत्री राबड़ी देवी के हुनक शासनकालक स्मरण करबैत कहलनि जे राजद नेता लोकनि के कानून– व्यवस्था पर बयान देब शोभा नहि दैत अछि। एहि पर नाखुश विपक्षी सदस्य लोकनि सदन सँ वॉकआउट कयलनि।

---

राज्य सरकार सोलहम वित्त आयोग सँ जैविक खेती के बढ़ावा देब, जलवायु परिवर्तन सँ लड़य मे सक्षण टिकाउ खेती, शमन, कृषि उत्पादकता, पंचायती राज संस्थान आ शहरी स्थानीय निकाय एहन क्षेत्र मे आ कतेको नव क्षेत्र लेल बढ़ल वित्तीय सहायता तथा अनुदानक मांग कयलक अछि। राज्य सरकार आइ पटना मे वित्त आयोगक संग एक बैसार मे अपन मांग रखलक। आयोगक अध्यक्ष अरविन्द पनगढ़िया मुख्यमंत्री नीतीश कुमार संग ई बैसार कयलनि। बैसारक बाद श्री पनगढ़िया मीडिया सँ गपशप करैत कहलनि जे बिहार केन्द्रीय कर मे हिस्सेदारीक आवंटन मे बहुआयामी गरीबी सूचकांक एसपीआईक मानदण्ड पर बेसी सहायता प्रदान करबाक अनुरोध कयलक अछि। श्री पनगढ़िया कहलनि जे एहि मानदण्ड सँ बिहार के लाभ होयत।

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे अगिला वर्ष एकतीस मार्च धरि देश नक्सल मुक्त भऽ जायत। श्री शाह एक सोशल मीडिया पोस्ट पर कहलनि जे नरेन्द्र

मोदी सरकार नक्सलक विरूद्ध सख्ती सँ आगां बढ़ि रहल अछि आ उग्रवादीक विरूद्ध जीरो टॉलरेंसक नीति अपना रहल अछि।

———————————————————————————

सेपक टाकरा विश्वकप आइ सँ पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्ट कम्प्लेक्स मे शुरू भऽ गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एकर औपचारिक उद्घाटन कयलनि। विश्वकपक पहिल मोकाबिला आइ थाईलैण्ड आ सिंगापुरक मध्य खेलल गेल। टुर्नामेन्ट मे भारत, जापान, ब्राजील, फ्रांस, इटली, मलेशिया, ईरान समेत बीस देशक तीन सय सँ बेसी खेलाड़ी आ प्रशिक्षक भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————————

पटना समेत प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको ठाम आंशिक बरखा दर्ज कयल गेल अछि। आइ सवेरे सँ कतेको ठाम मेघ लागल रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चारि दिन धरि प्रदेशक कतेको भाग मे आशिंक बरखा भऽ सकैत अछि। विभाग अगिला दू दिन मे भभुआ, रोहतास, औरंगाबाद, गया, नवादा आ जमुई समेत प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको ठाम मेघ गर्जन, ओलावृष्टि आ ठनका–खसबाक आशंका के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

आइ विश्व गौरैया दिवस के अवसर पर राज्य मे कतेको ठाम कार्यक्रमक आयोजन कऽ गौरैयाक आबादी कम हेबा पर चिंता व्यक्त कयल गेल। एहि अवसर पर गौरैयाक वृद्धि लेल जागरूकता कार्यक्रम चलेबाक आवश्यकताक अनुभव भेल।

———————————————————————————

मधुबनी मे वॉटसन हाई स्कूल मे आइ सँ दू दिवसीय मिथिला महोत्व शुरू भऽ गेल। पर्यटन विभाग आ जिला प्रशासन द्वारा आयोजित एहि कार्यक्रम मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर जिला पदाधिकारी अरविन्द कुमार वर्मा विभिन्न विभागक स्टॉलक निरीक्षण कयलनि। कार्यक्रम मे राज्य सरकारक गोटेक मंत्री आ नामी–गिरामी कलाकार लोकनि भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————

दरभंगा मे आइ आगामी बिहार विधानसभा निर्वाचनक परिप्रेक्ष्य मे जिला पदाधिकारी राजीव रौशनक अध्यक्षता मे राजनीतिक दलक सदस्य लोकनि संग एक बैसार आयोजित भेल। ओतहि, दोसर दिस पछिला वर्ष दरभंगा जिला मे आयल बाढ़ि सँ तबाह भेल लोक सभ के जिला प्रशासन वांछित सहयोग उपलब्ध करा रहल अछि।

———————————————————————

सीपीआई, सीपीएम आ आनो वाम दलक कार्यकर्त्ता लोकनि आइ बेरोजगारीक मुद्दा पर समस्तीपुर मे राज्य सरकारक विरूद्ध प्रदर्शन जुलूस निकालि समाहरणालयक घेराव कयलनि।

जयनगर–दरभंगा रेलखंडक राजनगर रेलवे स्टेशन लऽग एक पैंतीस वर्षीय युवकक शव बरामद भेल अछि।

अररिया जिलाक पलासी प्रखंड क्षेत्रक करोड़ दीघली आ जोकीहाट प्रखंडक काकन मे अगिलग्गीक अलग–अलग घटना मे दू दर्जन सँ बेसी घर नष्ट भऽ गेल।

———————————————————————

समाप्त